

# Etalaj fwi, legim ak lòt pwodwi agrikòl nan peryòd COVID-19: kisa machann yo ka fè pou pwoteje tèt yo ok kliyan yo<sup>1</sup>

Natalie Seymour, Mary Yavelak, Candice Christian, ak Ben Chapman. Emmanuel Duvalsaint te tradwi dokiman sa a.<sup>2</sup>

## PI BON PRATIK YO

- Agrikiltè ak kliyan yo pa dwe ale kote yo etale fwi, legim ak lòt pwodwi agrikòl pou vann si yo gen sentòm COVID-19 la, oswa si yo ta antre an kontak ak yon moun ki malad. Nenpòt moun ki ta gen sentòm yo ap kite espas sa a.
- Agrikiltè ki gen sentòm yo oswa ki ap viv ak yon moun ki gen sentòm yo pa ta dwe al nan rekòlte oswa vann pwodwi agrikòl.
- Anplwaye kap travay yo dwe mete yon mas.
- Nan antre kote yap vann pwodwi agrikòl yo, yo ta dwe mete yon kote pou w ka lave men w oswa mete sanitayzè pou moun itilize. Si yon moun ap manyen lajan, li dwe itilize sanitayzè apre chak tranzaksyon li finn fè.
- Evite pran bwat katon oswa panye ki paka netwaye oswa dezenfekte.
- Si sa posib, tou mete pwodwi yo nan sachè oswa katon anvan nou vann yo.
- Ze yo ta dwe vann nan yon resipyan ki ka itilize yon sèl fwa.

## KOMINIKASYON

- **Kominike avèk kliyan yo atravè siy/pano oswa medya sosyal pou w mande yo pou yo rete lakay yo si yo gen sentòm yo.**
- Mete sanitayzè devan tab kote moun yo ap chwazi fwi oswa legim epi tou pre kès lajan an. Mete yon siy/pano pou raple moun yo pou yo itilize sanitayzè anvan yo achte, anvan yo peye epi lè yo finn ale.
- Mande kliyan yo pou yo manyen sèlman pwodwi yo gen entansyon pou achte.
- Daprè konsiy lokal yo, ou ta dwe ankouraje kliyan yo pou yo mete yon mas.

## FASON POU W NETWAYE EPI DEZENFEKTE

- Si sa posib, itilize tab plastik ki fasil pou dezenfekte.
- Panse ak tout kote yo ka manyen anpil yo tankou panye yo, tab yo, ak kès lajan an, elatriye. Elimine oswa dezenfekte plis posib omwen nan fen jounen an.
- CDC rekòmande pou sèvi ak dezenfektan ki sou lis EPA a, w ap jwenn lis sa a sou sit entènèt go.[ncsu.edu/epacovid-19](https://ncsu.edu/epacovid-19)

1. Dokiman FSHN20-28, se yonn nan yon seri dokiman Depatman Syans Alimantè ak Nitrisyon, Ekstansyon UF / IFAS. Dat publikasyon orijinal la Me 2020. Vizite sit entènèt EDIS la nan <https://edis.ifas.ufl.edu> pou vèsyon aktyèl publikasyon sa a.
2. Natalie Seymour, MS, Ekstansyon asosye; Mary Yavelak, MS, Ekstansyon asosye; Candice Christian, MPH, Ekstansyon asosye; ak Ben Chapman, pwofesè, espesyalis nan sekirite alimantè; NC State University Extension. UF kontak: Michelle Danyluk, pwofesè, Depatman Syans Alimantè ak Nitrisyon, UF/IFAS Citrus Research and Education Center, Lake Alfred, FL. Emmanuel Duvalsaint te tradwi dokiman sa a.

- **Nòt: lis sa a baze sou done aktyèl; pako gen pyès konpoze ki valide pou inaktive viris ki lakòz COVID-19 la.**
- Ou ka itilize klowòks pou dezenfekte sifas yo, men konsantrasyon w ap itilize pou COVID-19 la ap pi fò ke sa w konn itilize pou fè netwayaj chak jou a: 5 kiyè klowòks nan yon galon dlo.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

[www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov).

kontak: Michelle Danyluk

[mddanyluk@ufl.edu](mailto:mddanyluk@ufl.edu)

863.956.8654